# DEMOGRAFIYA ILIMINDE XALÍQTÍ ÚYRENIWDIŃ TARIYXÍY-ILIMIY BAǴDARLARÍ

**G.B.Utepova,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı docenti g.i.k.*

**N.Maxsetbaev,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 4-kurs studenti*

**Q.Óteev,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 4-kurs studenti*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15170427

Xalıqtı úyreniwshi ilimpazlar arasında planetamızda insaniyattıń payda bolıw dáwiri haqqında hár qıylı kóz-qaraslar orın alǵan. Kópshilik antropolog ilimpazlar pikirine qaraǵanda planetamızda bunnan 5-7 mln jıl aldın insaniyattıń eń dáslepki ata-babaları (avstrolopetikler) Afrika hám Aziyanıń tropik hám ekvatorial zonalarında jasaǵanlıǵı, 2-3 mln jıl ilgeri bolsa avstralopetiklerden keyingi áyyemgi insanlar arxantroplar qáliplesken hám olar shıǵıs Afrikada jasaǵan. Al 600-700 mıń jıl aldın bolsa arxantroplar paleontroplarǵa olar óz náwbetinde pitekantroplarǵa hám neandertallarǵa aylanǵan hám olar Qubla- Shıǵıs hám Qubla-Batıs Aziyaǵa tarqalǵan. Nátiyjede, bunnan shama menen 40-50 mıń jıl ilgeri insanlardıń sanalı (Homo Sapiens) ata - babası qáliplesken.

Sanalı insannıń payda bolıwı mezolit dáwirine tuwra keledi. Xalıq sanı haqqındaǵı dáslepki maǵlıwmatlar eramızdan aldıńǵı dáwirge tiyisli bolıp, bul dáwirde jer sharında bar-joǵı bir neshe júz mıń adam jasaǵan. Anıq maǵlıwmatlar boyınsha qaraytuǵın bolsaq eramızdan 7 mıń jıl aldın jer sharında 10 mlnǵa shamalas adam jasaǵan. Olar hár mıń jılda shama menen 10-20% ten ǵana kóbeyip barǵan. Xalıqtıń bunday ásten kóbeyiwi xalıq arasında óliwshilik jaǵdaylarınıń joqarılıǵı menen bahalanadı. Bul dáwirde óliwshiliktiń ulıwma koefficienti 50 promille hám onnan joqarı bolǵan. Ólim jaǵdayları balalar arasında kóbirek ushırasqan. Xalıq kóbirek tábiiy apatlardan, ashlıqtan, jırtqısh haywanlardıń hújiminen, hár qıylı epidemiyalardan hám qáwimler arasındaǵı tez-tez bolıp turatuǵın urıslardan nabıt bolǵan. Xalıqtıń ortasha ómir kóriw dáwiri 20-25 jıldan aspaǵan. Jámiyet rawajlanıwınıń dáslepki basqıshlarında jer júzi boyınsha xalıqtıń tábiyiy ósimi júdá tómen bolǵan.

Áyyemgi adamzattıń jasawı ushın ózlerine qolaylı, turaqlı hám waqıtsha jasaw orınları (Jer Orta teńizi jaǵalawları, Evropanıń qubla bólimleri, Afrika materiginiń arqa hám oraylıq bólimleri, Nil' dár'yasınıń alapları, Mesopotamiya oypatlıǵı, Hindstan, Qıtay sıyaqlı mámleketlerdiń territoriyaları) eń birinshi **oykumenalar**

esaplanadı.

Xalıq sanınıń ósimine qáwimler jaylasqan mákanlardıń tábiyiy geografiyalıq ornı, suw resursları, qolaylı klimat sharayatları h.t.b óz tásirin tiygizgen. Hár qıylı tábiyiy apatshılıqlardan ayırım qáwimler tolıq qırılıp ketken. Ásirese suwıq klimatlı, qısı uzaq dawam etiwshi territoriyalarda xalıq suwıqtan, ashlıqtan kóplep nabıt bolǵan. Sol sebepli Evraziyanıń arqa bóleginde xalıq júdá siyrek jasaǵan. Amerika hám Avstraliya materiginde paleolit dáwiriniń aqırlarına shekem adamlar júdá az muǵdarda jasaǵan. Tábiyiy sharayatı insan jasaw ushın qolaylı, suw resursları mol territoriyalarda, yaǵnıy Jer Orta teńizi átiraplarında Arqa Amerikanıń qubla bólimlerinde hám Evraziya materiginiń qubla bólimlerinde bolsa xalıq aytarlıqtay tıǵız jasaǵan.

Insaniyat tariyxında suwǵarmalı diyxanshılıqtıń rawajlanıwı azıq-awqattıń kóbeyiwi, xalıqtıń materiallıq turmıs sharayatınıń biraz jaqsılanıwına alıp keldi. Jeke múlktiń payda bolıwı klasslıq jámiyetke tiykar saldı. Áyyemgi ulıwmalıq jámiyet dáwirinen keyin feodalistlik óndiris qatnasıqları qáliplese basladı. Jer júzinde mádeniyat orayları payda boldı, xalıqqa medicinalıq xızmet kórsetiw áste aqırın rawajlanıw jolına tústi. Júz bergen social-ekonomikalıq ózgerisler xalıq arasında ólim jaǵdaylarınıń kemeyiwine, ortasha ómir kóriw múddetiniń biraz uzayıwına sebepshi boldı. Nátiyjede jer júzi xalqınıń sanı kóbeye basladı. «Áyyemgi Mısırda fraunlar dáwirinde 7 mln, Vaviloniyada bolsa 4-5 mln xalıq jasaǵanlıǵı bizge tariyxtan málim. Eramızdıń basında jer júzi xalqı 200-300 mlndı quraǵan hám olardıń 50 mlnı Rim imperiyasında jasaǵan. Xalıqtıń jáne 40-50 mlnı bolsa Qıtay hám Hindistan territoriyalarında jasaǵan. Arqa-Batıs Evropada bolsa xalıq júdá az -1 mln átirapında bolǵanlıǵı aytıladı»[1].

Birlesken Milletler Shólkemi (BMSh) quramındaǵı "Xalıqtanıw shólkemi" tárepinen tómendegishe maǵlıwmatlar berilgen:

- 1 mlrd - 1804 -jıl
- 2 mlrd - 1927 -jıl
- 3 mlrd - 1960 -jıl
- 4 mlrd - 1974 -jıl
- 5 mlrd - 1987 -jıl
- 6 mlrd - 1999 -jıl
- 7 mlrd - 2011 -jıl
- 8 mlrd - 2022 -jıl

Jańa eranıń baslanıw dáwirinde jer sharı xalqı 200-300 mln adam bolǵan bolsa 1650 jılǵa kelip 0,5 mlrd adamǵa jetti. XIX ásirdiń basında jer sharı xalqı 1 mlrd adamnan astı. Jer sharı xalqınıń 1 mlrd adamǵa jetiwi ushın júdá uzaq waqıt kerek bolǵan bolsa, eki mlrd adamǵa jetiw ushın 123 jıl, úsh mlrd adamǵa jetiw ushın 33 jıl hám tórtinshi mlrd adamǵa jetiw ushın bolsa tek ǵana 14 jıl kerek boldı. Besinshi,

[1] Народонаселение мира. М.: 1994. С.7

altınshı, jetinshi hám segizinshi milliard adamǵa jetiw ushın 11-13 jıl waqıt kerek boldı. Házirgi waqıtta jer júzi xalqınıń sanı 8,4 mlrd adamǵa jetedi.

BMShniń 2023-jıldaǵı maǵlıwmatlarına qaraǵanda xalıqtıń 59,5%i -Aziyada, 9,6%i -Evropada, 17,2%i -Afrikada, 4,8%i -ǴMA mámleketlerine, 13,1%i -Amerika hám 0,5%i -Avstraliya hám Okeaniya dún'ya bóleklerine tuwra keledi.

Jer júzinde adamnıń payda bolıwı hám tarqalıwı tuwralı ilimiy tartıslar elege shekem dawam etip kelmekte. Bul máselege eki túrli kóz-qaras bolıp, **birinshisi;** adamlardıń bir aymaqta yaǵnıy “homo sapiens” tiń bunnan 50 mıń jıllar aldın áyyemgi gominidlerden (Jer Orta teńiziniń shıǵıs bólimi, Qubla Evropa, Arqa hám Shıǵıs Afrika hám Batıs Aziyanı óz ishine alǵan úlken territoriyada) payda bolıp keyin ala jer júziniń hár qıylı kontinentlerine tarqalıp ketken (**monocentrizm**) degen pikirdi aytsa, **ekinshisi** adamlar jer júziniń bir neshe territoriyalarında (Afrika, Evropa, Aziyanıń bir neshe aymaqlarında) payda bolǵan **(policentrizm)** dep esaplaydı. Hárbir eki pikir ushında ózine tán dáliyller bar. Áyyemgi adamlardıń jasaw orınları (**oykumenalar**) barlıq kontinentlerden tabılǵan.

Jer júzine insaniyattıń tarqalıwı uzaq jıllar dawam etkenligi hám bul tarqalıwdıń quramalı geografiyalıq baǵdarlarǵa iye bolǵanlıǵın esapqa alatuǵın bolsaq, bul jóneliste dawamlı izertlewler alıp barıwdı dawam ettiriw máselesi turadı. Jer júzi xalqınıń áyyemgi jasaw orınlarınan tabılǵan buyımlarǵa qarap juwmaq shıǵaratuǵın bolsaq, adamlar jer júzine úzliksiz tarqalǵanlıǵına guwa bolamız.

Monocentrik teoriya boyınsha áyyemgi adamlar paleolit dáwiriniń aqırında Afrikadan Evropa hám Aziyaǵa onnan Bering buǵazı arqalı Amerikaǵa, Qubla - Shıǵıs Aziya arqalı Avstraliya hám Okeaniyaǵa tarqalǵan. Xalıqtıń tarqalıwı hám úzliksiz kóship júriwine tiykarınan qolay tábiyiy sharayat hám azıq - awqat táshwishi májbúr etken. Jer júzinde adamlardıń kóbeyiwi, azıq - awqat tabıwdıń jańa usılları adamlardıń ózlerine maqul kelgen aymaqlarda turaqlı jaylasıwına sebep bolǵan. Eger áyyemgi dáwirlerdegi adamlardıń kóship júriwine joqarıdaǵı kórsetilgen faktorlar sebep bolǵan bolsa, adamshılıq jámiyeti rawajlanıwınıń keyingi basqıshlarında jańasha kóz-qaraslar payda boldı.

Insaniyat tariyxınıń úlken dáwiri yaǵnıy neolit dáwirinen baslap xalıq sanı hám quramı dástúriy dep atalıwshı tip tásirinde qayta tolısqan. Xalıqtıń qayta tolısıwınıń bul tipi ekonomika hám oǵan tán sociallıq qatnasıqlar menen tikkeley baylanıslı edi. Bunda kóp balalı shańaraqlardıń sanın kóbeytiwge háreket etiw, ásirese xojalıq jumıslarında ákege járdem beriwshi ul perzentler hám olardıń sanınıń kóp bolıwına júdá itibar qaratılǵan. Ata-ana shańaraqta 3-4 perzentke iye bolmaqshı bolsa, onda hayal usı muǵdardan 2-3 ese kóp balanı dún'yaǵa keltiriw kerek bolǵan. Sebebi, náreste hám balalar óliminiń júdá joqarılıǵı tuwılǵan balalardıń yarımınan artıǵın

joǵaltıwǵa alıp kelgen. Bir neshe mıń jıllar dawamında, ólim dárejesiniń júdá joqarılıǵı hám xalıqtıń ósiminiń tómen bolıwı ob'ektiv sebeplerden biri edi.

Jámiyette materiallıq hám sanitar-gigienik sharayatlardıń qanaatlandırarsız awhalda ekenligi, ásirese tez-tezden takrarlanıp turatuǵın ashlıq, tábiyiy apatlar hám hár qıylı epidemiyalar nátiyjesinde júz mıńlaǵan adamlardıń qırılıp ketiwi sıyaqlı faktorlar óziniń keri tásirin kórsetken. Jer sharında bunday apatlar 200-400, 1300-1400 jıllar dawamında qara oba epidemiyasınıń tásirinde planeta óz xalqınıń 1/4 bóleginen ajraldı hám xalıq sanı keskin kemeydi. XI-XV ácirlerde jerjúzi xalqınıń belgili bir bólegi monǵol-tatar, túrk urısları sebepli qırılıp ketken. Ásirese, bul urıslardan Shıǵıs hám Qubla-Shıǵıs Evropa mámleketleri xalqı úlken jábir kórdi. Urıslar xalıqtıń tikkeley qırılıp ketiwine ǵana emes, ondaǵı óndiristiń toqtap qalıwı nátiyjesinde payda bolǵan asharshılıq sebepli kóplegen insanlar nabıt boldı. 1600-1650 jıllar aralıǵında xalıq sanı ulıwma óspedi. Xalıqtıń kórsetkishlerine uzaq dawam etken urıslar da júdá jaman tásir etti. XVIII ásirdegi urıslar 5,2 mln adamnıń ómirin alıp ketti. Eger dáslepki 500 jılda (1000-1500 jıllar) Jer júzi xalqı 135 millionga kóbeygen bolsa, 1500-1750 jıllarda, yaǵnıy 250 jılda bul kórsetkish 288 milliondı quradı, yaǵnıy xalıqtıń ósimi 2 esege kóbeydi. XVIII ásirdiń ekinshi yarımınan baslap xalıqtıń ósimi jáne de tezlesti.

XIX ásirge shekem bolǵan dáwirde demografiyalıq processlerde sapalı ózgerisler júz bermegen. Bunnan keyingi dáwirde xalıqtıń tábiyiy háreket kórsetkishlerinde ***"demografiyalıq ótiw"*** processi baslandı. Onda shańaraqtaǵı wazıypalardıń hám turmıs táriziniń unamlı tárepke ózgeriwi, xalıqtıń jas quramındaǵı alǵa ilgerlewler hám basqa da faktorlar menen baylanıslı boldı.

Ilimpazlar demografiyalıq ótiw processiniń izbe-izligin tórt basqıshta úyrenip ilimiy jaqtan dáliyllep bergen.

- tuwılıwdıń joqarı dárejede saqlanıwı hám ólimniń keskin qısqarıwı nátiyjesinde júzege keliwshi júdá joqarı dárejedegi tábiyiy ósim;
- kóp balalı shańaraqtan az balalı shańaraqqa ótiw, ólimniń qısqarıwı, tuwılıwdıń bolsa kemeyiwi nátiyjesinde tábiyiy ósimniń páseyiwi;
- xalıqtıń quramında qariyalar sanınıń artıwı hámde tuwılıwdıń páseyiwi nátiyjesinde ólim kórsetkishleri birqansha joqarılawı. Bul basqıshta xalıq sanı júdá az muǵdarda ósiwi;
- tuwılıw hám ólim kórsetkishleri teńlesedi yaǵnıy xalıqtıń ósiwi toqtaydı.

Demografiyalıq ótiw dáwiri dáslep Evropada XVIII ásirde baslanadı. Bunda tabiyiy ósim 20-30%ke teń boldı, bunı haqıyqattan da demografiyalıq revolyuciya dep ataw mumkin. Sebebi, 10-20 jıl aldın tekǵana 5-10% ke teń bolǵan tábiyiy ósim qısqa waqıt ishinde 2-3 esge arttı. Bul jaǵday Evropa regionında 100-150 jıl dawam

etti. Onnan keyingi dáwirde Evropa mámleketleri demografiyalıq ótiwdiń ekinshi basqıshına ótti. Házir bul mámleketlerdiń kópshiligi demografiyalıq ótiwdiń úshinshi basqıshında, yaǵnıy, Germaniya, Avstriya, Belgiya, Italiya, Daniya, Vengriya, Niderlandiya xalıqtıń ápiwayı qayta tolısıwın támiyinley almay atırǵanlıǵı ashınarlı jaǵday, yamasa ólgenlerdiń sanı tuwılǵan balalar sanınan kóp bolmaqta. Rawajlanıp atırǵan mámleketlerdiń kópshiligi demografiyalıq ótiw processiniń 1-basqıshınan orın alǵan.

AQSH, Yaponiya, Kanada, Avstraliya mámleketleri 2-basqıshtı basınan keshirmekte. Qıtay hám basqa da bir qatar mámleketler usı 2-basqısh qarsańında tur. Ózbekstan hám basqa da Oraylıq Aziya mámleketleri 2-basqısh talaplarına juwap bermekte.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Абдураҳмонов Қ.Х. ва бошқалар Демография. Дарслик - Т.: «Иқтисодиёт», 2014.
2. Боярский А.Я., Валентей Д.И., Кваша А.Я. Основы демографии. – М.: Статистика, 1980.
3. Бўриева М.Р, Эгамова Д.Н. Дунё аҳолиси: Ривожланиш жараёнлари (ўқув қўлланма). Т.: Фан, 2008.
4. Утепова Г. Б., Узакбаев К. К. РОСТ НАСЕЛЕНИЯ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН И ЕГО ГЕОГРАФИЧЕСКИЕ СВОЙСТВА ТЕРРИТОРИАЛЬНОЙ ОРГАНИЗАЦИИ //Экономика и социум. – 2021. – №. 10 (89). – С. 1121-1130.
5. Утепова Г. Б., Махсетбаев Н. Б. НАУЧНОЕ ОПИСАНИЕ ДЛЯ СТРАН С ДОЛГОЖИТЕЛЯМИ //SCIENTIFIC APPROACH TO THE MODERN EDUCATION SYSTEM. – 2025. – Т. 3. – №. 33. – С. 22-25.